

Desizyon Lakou Siprèm nan sou TPS pou Ayiti: kisa nou ka fè kounye a?

MIRA



1 Jiyè 2026

Nan dat 25 jen, Lakou Siprèm nan te bay yon desizyon nan ka *Mullin kont Doe* a ki pèmèt gouvènman an mete fen nan pwoteksyon Eitati Pwoteksyon Tanporè (TPS) pou Ayiti ak Siri. Desizyon an gen anpil chans pou l gen konsekans tou pou pwoteksyon TPS pou tout lòt peyi yo. Sepandan, desizyon an pa gen yon enpak imedya, epi **jiskaske yo pran plis aksyon, pwoteksyon TPS ak pèmi travay pou moun ki gen TPS pou Ayisyen ak Siryen yo rete valab.**

Ki yes ki gen TPS nan Massachusetts?

TPS se yon estati imigrasyon ki bay pèmi travay ak pwoteksyon kont deportasyon bay moun ki soti nan sèten peyi lè yo te deja Ozetazini e lè peyi orijin yo deziyen pou pwogram nan. Yo ka deziyen peyi pou TPS si y ap fè fas ak konfli ame oswa dezaz natirèl ki fè li pa an sekirite pou moun retounen nan peyi sa a.

Apati mwa Mas 2025, Massachusetts te gen prèske 45,000 moun ki gen TPS, epi pi gwo gwoup la se te moun Ayisyen ki gen TPS. Moun ki gen TPS yo se yon pati enpòtan nan kominote nou yo. Yo se vwazen nou, paran timoun ki sitwayen ameriken, epi yo jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi nou an. Apeprè 2,000 travayè nan etablisman swen enfimyè nan Massachusetts se moun Ayisyen ki gen TPS. Nan ane 2023, moun ki gen TPS yo te kontribye \$134.2 milyon dola nan taks lokal, taks eta, ak taks federal.

Ki sa Lakou Siprèm nan te decide tout bon vre?

Lakou Siprèm nan decide ke tribinal yo pa gen otorite pou revize desizyon administrasyon an pran konsènan TPS. Se poutèt sa, yo pa t kapab revize si desizyon administrasyon Trump lan pou mete fen nan TPS pou Ayiti ak Siri te yon desizyon ki te apwopriye. Moun ki te pote plent nan dosye a te di tou desizyon administrasyon an pou retire pwoteksyon TPS yo te baze sou rasis, men Tribinal la te di yo pa t kwè sa te ka pwouve, paske administrasyon an te pran desizyon pou mete fen nan TPS pou plizyè lòt peyi tou.

Kisa k ap pase ak pwoteksyon TPS yo kounye a?

Desizyon Lakou Siprèm nan pa fè chanjman imedya nan pwogram TPS la. Anvan desizyon an ka aplike, jijman an dwe voye bay tribinal federal ki pi ba yo. Pwosesis sa a nòmalman pran anviwon 30 jou. Pandan tan sa a, pwoteksyon TPS pou Ayiti ak Siri toujou rete anplas. Nou prevwa nan semèn k ap vini yo administrasyon an ap anonse ofisyèlman fen pwogram nan, epi enfòmasyon yo ap pibliye sou [sit entènèt gouvènman an](#).

Administrasyon Trump lan te eseye mete fen nan pwoteksyon TPS pou 11 lòt peyi tou. Tribinal federal yo te anpeche desizyon sa yo pran efè jiska prezan. Sepandan, akòz desizyon Tribinal Siprèm nan, li posib administrasyon an ap eseye aplike fen pwogram sa yo tou.

Moun ki pèdi TPS yo ka vin pi vilnerab pou yo arete pa otorite imigrasyon epi pou yo depòte. Sepandan, moun ki te Ozetazini pandan omwen de (2) ane pa ka depòte san yo pa resevwa yon odyans devan tribinal imigrasyon an anvan.



Kisa k ap pase ak pèmi travay TPS yo kounye a?

Jiskaske gen lòt aksyon ki pran pa tribinal ki pi ba yo ak administrasyon an, pèmi travay moun Ayisyen ak moun Siri ki gen TPS yo toujou valab. Nou konnen sistèm SAVE a, ke anpil anplwayè itilize pou konfime otorizasyon travay pou imigran yo, te endike ke otorizasyon travay pou moun ki gen TPS pou Ayisyen yo ekspire 1ye Jiyè. Kounye a, yo mete ajou sistèm sa a pou 10 Jiyè. **Sepandan, pèmi travay yo rete valab jiskaske USCIS bay enstriksyon ofisyèl sou fason ak dat desizyon an ap aplike.**

Anplis de sa, anpil moun ki gen TPS ka gen pèmi travay ki soti an koneksyon avèk yon lòt benefis imigrasyon oswa yon aplikasyon annatant. Pa egzanp, anpil moun ki gen TPS ka genyen yon pèmi travay tou ki baze sou yon aplikasyon azil ki poko deside. Pèmi travay sa yo toujou valab epi yo pa afekte pa fen pwoteksyon TPS la. **Anplwayè yo pa ta dwe sipoze ke tout moun ki gen TPS yo pral pèdi otorizasyon travay lè pwoteksyon TPS yo fini.** Plis enfòmasyon pou anplwayè yo disponib [isit la](#).

Mwen gen TPS, kisa m ka fè kounye a?

Si ou gen TPS kounye a nan nenpòt peyi, men kèk bagay ou ka fè:

- ❑ **Rete enfòmè** sou chanjman nan pwogram TPS la: asire w ke enfòmasyon ou yo soti nan sous ou fè konfyans, tankou [sit entènèt MIRA](#) a oswa yon òganizasyon kominotè ou fè konfyans.
- ❑ **Konsilte** yon [reprizantan legal ki gen eksperyans nan domèn imigrasyon](#) pou evalye epi konprann ki opsyon ki disponib.
- ❑ Revize resous **Konnen Dwa w** yo ak [resous](#) preparasyon pou fanmi yo pou w ka prepare pou entèraksyon ak ajans imigrasyon yo.
- ❑ Si ou pa sèten ki kote pou kòmanse oswa ou bezwen enfòmasyon ak referans, ou ka rele Liy Èd Imigrasyon MIRA a nan (508) 293-1871.
- ❑ **Rete an kontak** ak òganizasyon kominotè lokal ou yo epi [mande èd](#).

Ki kote m ka jwenn èd legal?

Vizite www.masslrf.org pou jwenn ajans sèvis legal lokal ou a. Òganizasyon sèvis legal yo gen kapasite trè limite, kidonk ou ka konsidere kontakte yon [avoka imigrasyon prive](#) pou yon konsiltasyon si ou kapab. Sonje byen ke se sèlman avoka ak Reprizantan Akredite DOJ ki rekonèt pa gouvènman federal la ki [otorize](#) pou bay konsèy legal.

Kisa nou ka fè pou defann moun ki gen TPS yo?

Kontinye defann pwoteksyon kont deportasyon ak yon chemen pou jwenn sitwayènte pou moun ki gen TPS yo! Pran aksyon jodi a lè w kontakte Senatè ameriken ou yo epi ankouraje yo pou [sipòte S.4814](#), ki te deja pase pa Chanm Reprizantan yo, pou pwoteje moun ki gen TPS nan peyi Ayiti.